

# Sant Sekou pou Katastwòf Pral Louvri 29

## Septanm nan Bonita Springs

---

Release Date: Septanm 28, 2017

**ORLANDO, Fla.** – Yon Sane Sekou pou Katastwòf (Disaster Recovery Center, DRC) pral louvri 29 septanm nan Bonita Springs pou ede sivivan yo nan ouragan nan Florida pou ede sivivan yo nan ouragan ki frape Florida

Sant Sekou akòz katastwòf yo ofri sipò fas-a-fas pou moun ak pwopriyetè ti biznis yo. Espesyalis sekou yo ki nan Administrasyon Federal pou Jesyon Ijans ( Federal Emergency Management Administration , FEMA), Administrasyon Ti Biznis Ameriken(U.S. Small Business Administration, SBA) disponib pou bay èd pou nenpòt moun pou ranpli aplikasyon oswa pou modifye sitiyasyon yo. Gen òganizasyon volontè ki disponib epi ki ofri anpil kalite sèvis pou ede sivivan yo retounen nan aktivite yo.

DRC nan adrès ki endike anba la a:

**Konte Lee**  
**Bonita Springs Recreation Center**  
**26740 Pine Ave.**  
**Coral Springs, FL 34135**  
**Orè Fonksyònman: 8:00 a.m. jiska 8:00 p.m. sèt jou pa semèn jouk lè gen avi kontré.**

Pwosesis enskripsyon an se premye etap nan sekou a epi li egzije pou bay enfòmasyon tankou kontra asirans, ak enfòmasyon sou kont labank pou transfè posib lajan dirèk Nou ankouraje sivivan yo pou yo enskri anvan yo ale nan yon DCR.

Si ou gen telefòn oswa aksè nan entènèt, ou ka enskri nan youn nan fason sa yo:

- sou sitwèb [DisasterAssistance.gov](https://DisasterAssistance.gov).
- Rele Liy Èd FEMA Helpline nan nimewo **800-621-3362** pou pale, 711 ak Sèvis Relè nan Videyo (Video Relay Service ,VRS). Si ou soud oswa mal pou tande



**FEMA**

Page 1 of 3

oswa si ou gen andikap pou pale epi w ap itilize yon TTY, rele nimewo 800-462-7585. Enfòmasyon sou pwosesis enskripsyón an disponib nan ASL sou sitwèb: [fema.gov/medialibrary/assets/videos/111546](https://fema.gov/medialibrary/assets/videos/111546).

- Gen èd ki disponib nan pifò lang yo.
- Tele chaje [Aplikasyon Mobil FEMA](#) epi aplike.

Si ou enskri déjà, li pa nesesè pou ale nan yon DRC, men ou ka toujou vle pale avèk yon Espesyalis sekou pou modifye sitiayson ou oswa pou jwenn èd nan lòt òganizasyon yo.

Yon lis DRC yo disponib sou [Aplikasyon FEMA pou aparèy Mobil](#), sou sitwèb [fema.gov/disaster-recovery-centers](https://fema.gov/disaster-recovery-centers) oswa depi ou rele Liy Èd FEMA nan nimewo 800-621-3362, (TTY) 800-462-7585. Pour TTY rele nimewo 800-462-7585. Nimewo Liy Èd yo louvri ant **7 a.m. ak 11 p.m., sèt jou pa semèn**.

Ou ka gen lòt bezwen pandan ou ale nan yon DRC:

- Si ou bezwen yon aranjman rezonab tankou Langaj Siy Ameriken, Ekriti Bray, gwo lèt elatriye ou ka rele nimewo Liy Èd la pou jwenn sipò nan nimewo **800-621-3362**.
- Nou ofri tradiksyon lang nan Sèvis Entèpretasyon nan Telefòn nan 200 lang.

Ekip k ap bay èd pou sivivan yo akòz katastwòf la pou(Disaster Survivor Assistance, DSA) ap fè sondaj nan zòn afekte yo epitou yo kapab enskri sivivan yo pou yo jwenn èd nan FEMA , si li nesesè. Lè rezidan yo bezwen plis èd ekip yo ka voye yo nan yon DRC.

Ou pa oblige ranbouse sibvansyon FEMA bay yo Ou pa peye taks sou èd FEMA epi li p ap afekte kalifikasyon ou pou avantaj Sekirite Sosyal, Medicaid oswa lòt avantaj federal.

Sivivan Yo ta dwe enskri menmsi yo gen asirans. FEMA pa kapab double peman asirans yo, men aplikant ki pa gen ase asirans yo ka resevwa èd apre yo resevwa peman pou reklamasyon yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekou a, ale sou sitwèb [www.fema.gov/hurricane-irma](https://www.fema.gov/hurricane-irma).

###



**FEMA**

Page 2 of 3

*Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen ak premye repondè nou yo pou asire n ap travay ansanm antan yon peyi, pou devlope, sipòte ak amelyore kapasite nou pou prepare pou tout danje, bay pwoteksyon kont danje, bay repons pou danje yo, retabli nou apre yo, epitou minimize yo.*

*Gen asistans pou reparasyon apre katastwòf ki disponib san konsiderasyon ras, koulè, reliyon, si ou se fanm oswa gason, laj, andikap, konpetans nan lang Angle oswa sitiayson ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan nimewo 800-621-FEMA (3362). Pou TTY rele 800-462-7585.*

*Asistans lojman FEMA pou yon ti tan ak sibvansyon pou depans transpò piblik, depans pou swen medikal ak swen dantè, ak depans pou sèvis finerè ak antèman pa egzije moun pou yo aplike pou yon prè SBA. Men, aplikan ki resevwa aplikasyon prè SBA dwe soumèt yo ba ofisyé kredi SBA pou yo kapab kalifye pou asistans ki garanti byen pèsonèl, reparasyon oswa ranplasman veyikil, ak depans pou amenaje ak depo.*



**FEMA**

Page 3 of 3